



Vil Boston - Kesyon sou Bilten Vòt nan Eleksyon Minisipal yo

Kesyon 1

Èske vil sa ta dwe apwouve amannman nan Manman-Lwa Vil la ke konsèy minisipal la pwopoze epi ki rezime anba la a?

Rezime amannman ki pwopoze nan Manman-Lwa

Amanman Manman-Lwa Vil Boston an ki pwopoze a ta chanje pwosesis bidjetè Vil Boston an nan plizyè fason.

Daprè amannman yo pwopoze a, majistra a ak konsèy minisipal la toulède ansanm ta kenbe pouvwa bidjetè a, ak pouvwa pou modifiye ak amande òdonans afektasyon resous pou kredi bidjetè (*appropriation orders*) yo. Daprè sitiyasyon aktyèl la, daprè amannman an, se sèlman majistra a ki gen dwa soumèt inisyaman (an premye) yon bidjè oswa òdonans afektasyon resous pou kredi bidjetè yo. Aktyèlman, konsèy minisipal la ka adopte oswa rejete yon bidjè, oswa diminye yon eleman espesifik nan yon bidjè, men li pa ka prezante yon nouvo eleman bidjetè. Daprè amannman yo pwopoze a, konsèy minisipal la ta gen kapasite pou amande bidjè a lè li re-alwe lajan ant pòs bidjetè ki egziste deja yo ak nouvo pòs yo. Montan total bidjè vèsyon amande Konsèy Minisipal la sepanndan, pat kapab depase montan total bidjè Majistra a te pwopoze a. Majistra a te ka aksepte oswa rejete vèsyon bidjè konsèy minisipal la, oswa chanje nenpòt atik nan vèsyon bidjè konsèy minisipal la. Konsèy vil la ta gen kapasite kraze veto oswa amannman Majistra a gras ak yon vòt de-tyè (2/3) nan vwa yo. Anplisdesa, Majistra a ak Konsèy minisipal la ta pral kapab chanje bidjè Lekòl Piblik Boston yo tou, a kondisyon li plwaye devan lejislasyon ki egziste yo, si se sèlman Komisyon Konsèy Lekòl Boston ki ka prezante pou premye fwa yon bidjè lekòl oswa alwe kredi pou depans nan yon bidjè lekòl..

Amanman yo pwopoze a egzije tou pou Konsèy minisipal la ak Majistra a kreye pa òdonans yon Biwo Bidjè patisipatif endepandan, ki gen ladan yon ògàn sipèvizyon ekstèn, pou ranfòse angajman piblik nan depans piblik yo. Daprè amannman yo pwopoze a, biwo a ap kapab kreye epi sipèvize yon pwosesis pou pran desizyon ki san paspouki, ki gen repondong epi tou ki louvri pou tout rezidan Boston yo. Estrikti biwo a ak ògàn sipèvizyon an, ansanm ak pwosesis desizyonèl sou bidjè tout moun dwe respekte a, pral dekri nan yon òdonans Konsèy minisipal la ak Majistra a ta dwe pibliye byento.



Election



Language and
Communications Access



Kesyon 2.

Èske yo ta dwe bati yon sou-estasyon elektrik wot tansyon nan 400 Condor Street nan East Boston, sou longè Chelsea Creek, tou pre kay, pak, tèren rekreyasyon, depo gaz pou avyon epi nan yon zòn ki gen danje inondasyon olye pou yo ta chwazi yon lòt kote ki pa poze danje ki pi an sekirite ki tou pre, tankou yon teren ki pa rezidansyèl Massport genyen arebò Ayewopò Logan?

Kesyon 3.

Èske yo ta dwe chanje estrikti aktyèl ki nonmen komite lekòl la pou ranplase li pa yon nouvo estrikti kote se rezidan Boston yo ki eli komite a?



Election



Language and
Communications Access